



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO KONPLIMANTE FÈM KONTE CORTLAND KÒM BENEFISYÈ PRIM JESYON ANVIWONMAN AGRIKILTI 2015

Fèm E-Z Acres McMahan ap pratike agrikilti pwogresif kanpe pou jeyson anviwonman

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te konplimante yon fèm Konte Cortland kòm benefisyè pi gwo prim anviwonman New York– Prim Jesyon Anviwonman Agrikilti 2015. Chak ane, prim nan onore efò ekstraòdinè yon fèm pou pwoteje tè ak kalite dlo. Fèm E-Z Acres McMahan te jwenn rekonesans ansanm avèk Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte Cortland pandan yon seremoni Jou Fèm nan Empire nan Seneca Falls. Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York, Pwodiktè Pòm detè Empire State, ak Magazin Agrikiltiris Ameriken te prezante prim lan a Fèm E-Z Acres pou etik anviwonmantal, pratik pwodiksyon agresif, ak travay sèvis kominotè.

“Pwoteksyon ak konsèvasyon tè nou an avèk dlo ap ogmante nan fason ki enpòtan pou fèm yo nan eta e mwen aplodi efò ki ankou a pou asire ke yo se bon gadyen anviwonman,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen konplimante Fanmi McMahan ansanm avèk Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte Cortland paske yo te resevwa Prim Jesyon Anviwonman Agrikilti a. Kalite solisyon avangadis sa yo ap ede pou non sèlman asire dirabilite agrikòl men tou pou ogmante opòtinite ekonomik.”

Fanmi McMahan opere yon fèm pwodui letye ki genyen 680-bèf sou 2,500 kawotè nan basen vèsan Lak Skaneateles nan Homer, NY. Pou sipòte operasyon chak jou, yo plante tou mayi, alfalfa, ak kilti zèb. Antanke premye adoptè prensip jesyon anviwonman agrikilti, fèm E-Z Acres te aplike plizyè pratik konsèvasyon ki te ogmante pwodiktivite.

Komisyone Agrikilti Richard A. Ball te deklare, “McMahons yo te fè bon pratik swen bèt ak anviwonman vini yon gwo priyorite pou fèm yo a, e nou konplimante yo sou angajman ak dirabilite agrikilti yo. Pratik konsyan sou anviwonman yo, avèk sipò enpòtan ki soti nan Konte Cortland SWCD, se yon modèl pou lòt fèm yo e yo se yon bon patnè pou kominote a. Nou swete yo anpil siksè nan lavni.”

Fèm nan te ranplase wotasyon tradisyonèl fouraj mayi alfalfa avèk zèb entansif, sa ki

amelyore konsèvasyon tè a pandan egalman lap benefisye sante twoupo letye a. Avèk tè E-Z Acres ki repoze sou sous inik akwifè Konte Cortland, fanmi McMahons angaje tou pou siveye chak trimès kalite dlo a grasa kouran dlo ak bon jan kalite tè. Anplis, fèm nan itilize yon sistèm siveyans ak doubli pou twa milyon galon stokaj fimye fèm nan, kilti kouvèti chan mayi chak ane, ak presizyon jesyon manje pou pwoteje sante tè a. Fèm nan te pran tou mezi enèji efikas nan ranplase limyè yo avèk ekipman enèji efikas nan tout fèm nan.

Michael McMahon, Pwopriyetè ak patnè McMahon E-Z Acres, te dekalre, “Mwen onore dèske m resevwa prim estim sa. Nan E-Z Acres McMahon, se osijè pou fè bagay yo byen e non pa pou fè l pou yon prim. Tankou anpil nan biznis nou yo, nou kwè si nou pran swen anviwonman, anviwonman pral pran swen nou.”

McMahon yo se premye fèm ki apwouve pou byennèt animal nan Eta New York e yo te lidè nan kominote ki reprezante fèm ak enterè endistri agrikilti a. E-Z Acres te òganize plizyè aktivite kominotè anyèl, enkli yon jou Chan Agrikòl pa ane pou elèv klas senkyèm ane yo ak yon klas jesyon fèm pou Cornell University. Yo fè patenarya tou avèk Syracuse Rotary Club pou bay vizit nan fèm lan pou fanmi ki gen revni fèb yo.

Fèm lan te travay etwatman avèk Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte Cortland, sa ki bay asistans teknik pou avanse pratik jesyon anviwonmantal agrikilti nan konte a. Distri a itilize opinyon pou amelyore pwòp efò l pou jeyson anviwonmantal nan agrikilti.

Manadjè Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte Cortland Amanda Barber, te deklare, “Nou gen chans dèske nou gen yon popilasyon pwodiktè agrikòl ak fèm ki anjeneral te anbrase jesyon anviwonman kòm yon fason pou fè biznis. Fèm inovè, enfòmè ak pwò-aktif tankou EZ Acres McMahon te ede rann toulède pwogram konsèvasyon distri a ak jesyon anviwonman agrikòl ki gen siksè nan Konte Cortland.”

Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte Cortland gen yon pwogram jesyon anviwonman ki aktif anpil sa ki te ede plis pase 387 fèm depi kòmansman l. Li asire wotasyon planifikasyon patiraj ak èd enplemantasyon, planifikasyon ak èd enplemantasyon pou aplikasyon kloti nèj, stabilizasyon arebò kouran dlo, ak tanpon riveren, anplis de pratik abityèl fèm agrikòl yo. Yo te garanti avèk siksè asistans finansman grasa pwogram sibvansyon kontwòl ak Abatman Sous Nonpoint Agrikilti Eta. Depi 1996, Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte Cortland te bay plis pase \$6.2 milyon nan fon sibvansyon pou ede mete sou pye bon jan kalite pratik anviwonman sou 58 fèm agrikòl atravè konte a.

Fèm E-Z Acres te resevwa tou plizyè onè pandan ane ki sot pase yo, enkli *Rekonesans nan ane 2007* sou *Patenarya Fèm yo pou Pwoteje Anviwonman* Distri Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte Cortland ak Prim 2013 nan Pwogram Jeyson Agrikòl Anviwonman Basen-Vèsan Lak Skaneateles.

Kad jesyon anviwonman agrikòl Eta New York se yon modèl pou peyi a kòm yon

apwòch volontè ki baze sou rekonpans pou pwoteje resous natirèl yo epi reponn a bezwen ekonomik kominote agrikòl la.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418